

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh garapanna nganalisis struktur jeung aspék psikologi nu aya dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman. Analisis strukturna ngagunakeun tiori ti Tzvetan Todorov. Analisisna nyoko kana tilu aspék: 1) aspék sintaksis anu nganalisis runtuyan kajadian sacara kronologis jeung logis (galur); 2) aspék semantik anu nganalisis jejer, palaku, jeung latar; sarta 3) aspék verbal anu nganalisis sarana puseur sawangan jeung gaya basa (Ratna, 2012, kc. 136).

Galur carita dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman diwangun ku 23 sékuén. Caritana ngaguluyur maju nyaritakeun lalakon triéka anu bajoang hayang ngawujudkeun cita-citana. Ku lantaran henteu manggih kabagjaan dina rumah tanggana, maranéhna boga salingkuhan. Tapi di bagian ahir, dicaritakeun maranéhna tobat tina kalakuanana nu teu bener.

Tina runtuyan kajadian nu aya dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman téh bisa ngagambarkeun jejer caritana, nyaéta ngeunaan parobahan sosial-budaya anu dibungbuan ku masalah cinta. Éta novél nyaritakeun lalakon tilu pajabat awéwé (Déwi Kunti salaku Ketua DPRD Kota Bandung, Déwi Kania salaku Walikota Bandung, jeung Déwi Asri salaku Ketua DPRD Provinsi Jawa Barat) anu boga cita-cita hayang ngarobah masarakat Sunda nu asalna statis jadi dinamis. Maranéhna hayang ngarobah ngarobah tradisi ngotok ngowo jadi sumebar ka sakuliah dunya. Éta cita-cita nu rohaka téh dicaritakeun 13 kali dina sababaraha bagian carita, lolobana mah dicaritakeun langsung ku palaku dina raraga ngébréhkeun eusi pikiran jeung haténa.

Dumasar kana jejer anu dijéntrékeun di luhur, galur carita téh digerakkeun ku palaku utama anu jumlahna aya tilu: Déwi Kunti, Déwi Kania jeung Déwi Asri. Maranéhna téh sosobatan dalit pisan. Déwi Kunti méré ngaran sosobatanana téh ku sebutan triéka. Matak layout waé téh lantaran maranéhna boga sasaran, boh dina pasipatan, boh dina pangaresep. Sanajan umurna geus teu ngora deui, maranéhna boga rupa anu geulis, matak pikaresepeun nu ningalina. Salian ti kitu, maranéhna

gé pinter dina widang élmu pamaréntahan, aktip, calakan, tur pada boga sawangan ka hareup, matak pantes kapeto jaradi pajabat gé. Salila jaradi pajabat téh maranéhna mah teu resep ku aturan protokol, sok ngarasa tugenah lamun kamamana dituturkeun ku protokol téh, asa rariged. Kabeneran ogé maranéhna téh boga libido nu sarua nyaéta resep ka lalaki jeung ka awéwé (*bisex*). Salian ti aya palaku utama anu boga karakter kuat dina ngajalankeun galur carita, dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman gé aya genep palaku tambahan anu mangaruhan kana robahna jalan carita, nyaéta Ki Ontohod, Si Bibi (réncangna Déwi Kunti), Siti Masyitoh, Husnul Hotimah, Ihlasih, jeung nu karasép / Si Kasép (salingkuhanana triéka). Aya ogé 26 palaku tambahan anu ngan ukur kasebut sababaraha kali dina carita. Unggal palaku boga watek nu rupa-rupa, aya watek alusna jeung aya ogé nu goréngna. Palaku anu panglobana watek alusna nyaéta Déwi Kania, sedengkeun anu panglobana watek goréngna mah Siti Masyitoh.

Galur carita anu digerakkeun ku palaku téh aya dina latar nu tangtu. Dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman téh aya 78 latar tempat jeung 58 latar waktu. Kota Bandung jadi latar tempat anu panglobana kacaritakeun, leuwih ti 10 kali. Pangarang museurkeun tempat kajadianana di Bandung, boh nu aya patalina jeung pagawéan, boh keur ulin.

Dina nyaritakeun kajadian-kajadian, pangarang ngagunakeun puseur sawangan jalma kahiji, lantaran loba ngalarapkeun kecap gaganti jalma kahiji ‘kuring’. Ngan, palaku anu nyarita dina unggal subjudul téh béda-béda. Ari jumlah subjudulna téh aya 10: 1) Déwi Kunti, 2) Déwi Kania, 3) Déwi Asri, 4) Siti Masyitoh, 5) Déwi Kania, 6) Husnul Hotimah, 7) Ihlasih, 8) Déwi Kania, 9) Bibi, jeung 10) Déwi Kunti. Anu nyaritana saluyu jeung anu dituliskeun dina subjudul.

Patali jeung basa nu digunakeun dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* Karya Mémén Durachman téh, sacara umum babari dipikaharti. Pangarang henteu loba ngagunakeun runtuyan kekecapan anu ma'nana konotatif, tapi lolobana mah dénotatif. Basa nu digunakeun henteu sakabéhna ngagunakeun basa Sunda, dina sababaraha bagian carita aya anu ngagunakeun kekecapan basa nasional (basa Indonésia), basa daérah séjén (basa Jawa) jeung aya ogé basa deungeun (basa Inggris jeung basa Arab). Lamun dijumlahkeun mah aya 53 kekecapan anu ngagunakeun basa Indonésia, 20 ngagunakeun basa Inggris, 2 basa Arab, jeung 1

basa Jawa. Salian ti éta, kapanggih aya 17 babasan jeung paribasa.

Tina struktur carita nu dipedar di luhur téh, satuluyna diteuleuman ku analisis psikologi sastra, utamana mah unsur palaku. Aspék psikologi anu dianalisis dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman téh museur kana unsur-unsur kajiwaan para palaku. Analisisna ngagunakeun tiori Sigmund Freud anu ngabagi kapribadian hiji jalma téh jadi tilu rupa: *id*, *ego*, jeung *superego* (Ratna, 2013, kc. 344). Palaku anu dianalisisna nyaéta palaku anu ngaranna dijadikeun subjudul, lantaran maranéhna ngedalkeun pamikiran jeung eusi haténa sacara langsung. Hasil analisis aspék psikologi para palaku téh nuduhkeun konflik batin nu kaalaman nu kaalaman ku para palaku. Ayana konflik batin téh lantaran *id*, *ego*, jeung *superego* patukang tonggong. *Ego* anu kurang hadé téh lantaran aya pangjurung anu kuat tina *id* bari teu maliré kana *superego*. Tapi di bagian ahir carita, maranéhna bisa disadarkeun ku *superego*, *id* nu aya dina dirina robah jadi hadé, kitu ogé *ego* anu nuduhkeun kalakuan maranéhna jadi jalma bener. Tina kapribadian palaku téh némbongkeun 17 ajén karakter anu hadé nurutkeun Kemendikbud.

5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan téh loba hal-hal penting anu bisa dimangpaatkeun, tapi di sagigireun éta panalungtik gé sadar kana kakurangan ieu panalungtikan. Ku kituna, panalungtik ngajukeun saran keur sababaraha pihak, nyaéta pikeun panalungtik, pamaréntah, jeung masarakat umum.

- 1) Panalungtik diperedih nalungtik novél kalayan leuwih teleb tur mundel ambahanana, anu ditilik tina aspék séjén, leuwih hadé deui dipatalikeun jeung widang atikan. Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun panalungtikan satuluyna.
- 2) Pamaréntah disarankeun leuwih merhatikeun deui kalungguhan novél dina widang atikan.
- 3) Masarakat dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan minangka bahan aprésiasi sastra.